

BAB III

METODE PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika ngginakaken pendhekatan analisis isi Krippendorff. Analisis isi inggih menika satungaling teknik panaliten kangge ndamel *inferensi-inferensi* ingkang saged dipuntedhak kanthi nggatosaken konteksipun (Krippendorff, 1993:15). Panaliten menika ngginakaken pendhekatan analisis isi Krippendorff amargi badhe ndamel dudutan utawi maksud adhedhasar dhata ingkang dipungayutaken kaliyan konteksipun (kawontenan wonten sakupengipun pawartos). Panaliten ingkang dipuntindakaken menika naliti babagan tipe wacana pawartos, langgam basa ingkang dipunginakaken, saha *inferensi* utawi dudutan (maksud utawi makna ingkang kasimpen) ing wacana ukum ing rubrik pawartos “Pethilan” Kalawarti Panjebar Semangat. Wacana ukum ing rubrik menika ugi wonten gayutanipun kaliyan sosial masarakat. Kanthi mekaten, lumantar analisis isi Krippendorff, panaliti saged madosi tipe wacana, langgam basa, saha *inferensi* utawi dudutan ingkang kasimpen ing rubrik pawartos “Pethilan” ing Kalawarti Panjebar Semangat *edisi* Juli 2016 – Juli 2017.

B. Dhata saha Sumber Dhata

Sumber dhata panaliten kasebat inggih menika rubrik pawartos “Pethilan”. Rubrik menika wonten ing kalawarti Panjebar Semangat. Panaliten menika ngginakaken rubrik pawartos “Pethilan” amargi ingkang sepisan inggih menika wosing rubrik ngrembag babagan wacana pawartos ingkang *aktual* saha dumados ing jaman samenika. Ingkang kaping kalih inggih menika wacana ukum wonten

ing rubrik pawartos “Pethilan” menika ngewrat maneka warni tipe wacana, langgam basa ukum, saha maksud utawi dudutan ingkang kasimpen. Wacana pawartos ingkang dipunserat menika tamtu pawartos-pawartos ingkang dumados ing sadangunipun seminggu. Wacana pawartos kasebat dipunserat mawi ukara cacah kalih.

Wondene dhata panaliten kasebat inggih menika tetembungan, frasa, saha ukara-ukara, wacana ingkang wonten gayutanipun kaliyan bab ukum ing rubrik pawartos “Pethilan” *edisi* Juli 2016 ngantos Juli 2017. Panaliten menika ngginakaken dhata kados wonten nginggil amargi ingkang dipunrembag ing panaliten kasebat inggih menika maksud utawi dudutan saking wacana ukum. Kanthi mekaten, dhata ingkang dipunginakaken awujud wacana. Wondene dhata ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika 73 dhata, amargi dhata menika ngrembag babagan wacana ukum. Dhata menika dipunpendhet saking 44 *edisi* kalawarti Panjebar Semangat. Jumlah dhata ingkang dipunpendhet ing saben *edisi* menika boten sami, amargi gumantung kaliyan wacana ukum ingkang dipunandharaken dening redaktur.

C. Teknik saha *Instrument* anggenipun Ngempalaken Dhata

Kalawarti Panjebar Semangat menika wonten kathah rubrik, pramila analisis nindakaken *unitisasi*. *Unitisasi* menika nemtokaken unit-unit, misahaken miturut wates-watesanipun, saha nemtokaken kangge analisis salajengipun (Krippendorff, 1993:75). Unit ingkang dipunginakaken inggih menika unit *tematik* amargi Wonten ing kalawarti PS ngewrat maneka warni tema, salah satunggalipun inggih menika tema pawartos. Tema pawartos menika dipundadosaken setunggal unit

(pawartos) ageng ing lebetipun wonten unit cacah tiga inggih menika rubrik sariwarta, pethilan, saha guntingan PS 10 taun kepungkur. Rubrik menika ngewrat pawartos ingkang nuntut wontenipun pemahaman kanthi lebet tumrap basa, makna, saha wosipun.

Tahap salajengipun inggih menika teknik *sampling*. Teknik *sampling* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten kasebat inggih menika *sampling gugus* amargi *sampling* kasebat minangka respon tumrap boten saguhipun panaliti anggenipun nyebataken setunggal mbaka setunggal pepanthan wonten ing unit (pawartos) ageng ingkang ngewrat rubrik cacah tiga. Kanthi mekaten, panaliti namung milih setunggal rubrik kemawon. Rubrik ingkang dipunpilih inggih menika rubrik pawartos “Pethilan”. Wosing pawartos ing rubrik “Pethilan” menika sampun ngewrat sedaya jinis wacana kadosta bab ukum, sosial, budaya, politik, saha sanesipun.

Teknik salajengipun inggih menika nyathet. Nyathet inggih menika saben unit kedah dipunkodhe saha dipungambaraken ing bentuk ingkang saged dipunanalisis (Krippendoff, 1993:71). Ateges teknik menika nyathet dhata ingkang badhe dipunanalisis ing kartu dhata. Wonten ing kartu dhata menika dipunkodhe satemah dados bentuk ingkang saged dipunanalisis.

PS/27/8 Juli 2017
Dhata : OTT KPK ing Kejati Bengkulu dianggep mung recehan Mbokmenawa si oknum jeksa lagi butuh dhuwit receh nggo kerokan
Jinis : Wacana ukum

Gambar 3 Kartu Dhata

Katrangan:

PS : Kalawarti Panjebar Semangat

27 : Edisi kalawarti

8 Juli 2017 : tanggal/wulan/taun terbit

Teknik salajengipun inggih menika reduksi dhata inggih menika njumbuhaken bentuk dhata ingkang dipunbetahaken ing teknis analitis (Krippendorff, 1993:73-74). Reduksi data menika dipuntindakaken kanthi milih wacana ingkang badhe dipunanalisis. Fokus saking panaliten menika namung badhe ngrembag wacana ukum kemawon, pramila wacana ingkang dipunpilih dening panaliti wonten ing rubrik pawartos “Pethilan” inggih menika wacana ukum (pawartos ingkang ngrembag babagan ukum).

Wondene kupiya kangge mangertos wosipun wacana menika kanthi ngginakaken *prinsip interpretasi lokal*. Mulyana (2005:72) ngandharaken bilih *prinsip interpretasi lokal* dipunginakaken minangka dhasar kangge *menginterpretasikan* wacana kanthi cara madosi konteks ing sakupengipun wacana menika. Konteks ingkang dipunmaksud inggih menika dhaerah, area, utawi panggenan ing wacana menika. Wondene konteks ingkang dipunmaksud ing panaliten inggih menika kawontenan ingkang lumampah gayut kaliyan pawartosipun.

Wondene instrumen ingkang dipunginakaken inggih menika panaliti piyambak. Sugiyono (2015:306) ngandharaken bilih panaliti kualitatif minangka *human instrument*, ginanipun inggih menika nemtokaken fokus panaliten, milih sumber dhata, nindakaken pakaryan anggenipun ngempalaken dhata, mbiji

kualitas dhata, nganalisis dhata, nafsiraken dhata saha ndamel dudutan saking panalitenipun. Moleong (2014:168) ugi ngandharaken bilih panaliti minangka perencana, pelaksana anggenipun ngempalaken dhata, nganalisis, penafsir dhata, saha tiyang ingkang nglapuraken asil panaliten. Kanthi mekaten, panaliti kedah saged *responsif* utawi peka saha tliti anggenipun nindakaken panaliten.

Wonten ing panaliten wacana ukum ing rubrik pawartos “Pethilan”, samangke ingkang badhe dipunrembag inggih menika *tipe* pawartosipun, langgam basa ukum, saha *inferensi* saking wacana ukum. Ing ngandhap menika kababar instrumen ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken dhata ingkang kajumbuhaken kaliyan aspek ing nginggil menika. Wondene saking aspek ing nginggil menika, ingkang ngginakaken instrumen namung *tipe* pawartos saha langgam basa ukum.

Instrumen *tipe* wacana pawarta saha titikanipun ngginakaken *teori* ingkang kababar dening Soeharno, Riyadi, Sabaryanto, saha Suwadji, (1990). Panjenenganipun mantha *tipe* pawartos menika wonten enem jinis inggih menika wacana paraga, wacana kadadosan, wacana wekdal, wacana papan, wacana sebab, saha wacana cara. Adhedhasar andharan kasebat, instrumen saha titikanipun kababar ing ngandhap menika.

Tabel 1 Instrumen *Tipe* Wacana Pawartos

<i>Tipe</i> Wacana Pawartos	Titikan
Wacana Paraga	<ol style="list-style-type: none"> 1. Kawiwitan saking mangsuli pitaken babagan sinten utawi paraganipun 2. Ciri khasipun ukara sepisan nyebat paraganipun
Wacana Kadadosan	<ol style="list-style-type: none"> 1. Kawiwitan saking mangsuli pitaken babagan kadadosanipun 2. Tuladha, kecelakaan, banjir, redi njeblug, penyandraan, utawi perang 3. Ukara sepisan nyebataken kadadosanipun

Wacana Wekdal	<ol style="list-style-type: none"> 1. Kawiwitan saking mangsuli pitaken babagan wekdal kadadosan 2. Ukara ingkang sepisan nyebataken wekdalipun
Wacana Papan	<ol style="list-style-type: none"> 1. Kawiwitan saking mangsuli pitaken babagan papan kadadosan 2. Ukara sepisan nyebataken papanipun
Wacana Sebab	<ol style="list-style-type: none"> 1. Kawiwitan saking mangsuli pitaken babagan sebab dumadosipun kadadosan 2. Ukara sepisan nyebataken sebabipun
Wacana Cara	<ol style="list-style-type: none"> 1. Kawiwitan saking mangsuli pitaken babagan kados pundi kadadosan menika dumados 2. Ukara sepisan nyebataken cara utawi kahanan saking kadadosan

Anggenipun nemtokaken *tipe* wacana pawartos, ingkang dipuntaliti inggih menika ukara ingkang sepisan ingkang nedahaken pawartosipun. Wondene ukara ingkang kaping kalih minangka panyengkuyung kangge nemtokaken *inferensi*-nipun.

Instrumen langgam basa ukum saha titikanipun ngginakaken *teori* ingkang kababar dening Hadikusuma (2013). Hadikusuma ngandharaken bilih basa ukum menika kapantha dados gangsal inggih menika basa ukum *ketatanegaraan*, basa ukum *ketatanegaraan* adat, ukum *perdataan*, ukum pidana, saha ukum acara. Adhedhasar andharan menika, instrumen jinising basa ukum saha titikanipun kababar ing ngandhap menika:

Tabel 2 Instrumen Langgam Basa Ukum

Jinising Basa Ukum	Titikan
Basa Ukum <i>Ketatanegaraan</i>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Tetembungan ingkang dipunginakaken nedahaken satunggaling susunan pamarentah utawi negari 2. Tetembungan ingkang dipunginakaken wonten gayutanipun kaliyan pamarentahan kadosta hak asasi manusia saha sanesipun.
Basa Ukum <i>Ketatanegaraan Adat</i>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Tetembungan ingkang dipunginakaken ngrembag prakawis <i>ketatanegaraan adat</i>. 2. Tetembungan ingkang dipunginakaken wonten gayutanipun paugeran ingkang dipunginakaken ing masarakat adat tartamtu kadosta musyawarah, masarakat ukum adat, saha sanesipun.

Basa Ukum <i>Perdataan</i>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Tetembungan ingkang wonten gayutanipun kaliyan ukum pokok ingkang ngatur kapentinganipun tiyang (Subekti ing Natadimaja, 2009:1). 2. Tetembungan ingkang dipunginakaken wonten gayutanipun kaliyan <i>kewargaan</i> saha kulawarga, anak, imah-imah, <i>pewarisan</i>, <i>perikatan</i>, saha <i>perdagangan</i>.
Basa Ukum Pidana	<ol style="list-style-type: none"> 1. Tetembungan ingkang wonten gayutanipun kaliyan pidana utawi ukuman. 2. Tetembungan ingkang dipunginakaken wonten gayutanipun kaliyan tumindakipun tiyang ingkang nerak ukum kadosta kriminalitas.
Basa Ukum Acara	<ol style="list-style-type: none"> 1. Tetembungan ingkang wonten gayutanipun kaliyan kados pundi cara anggenipun mungkasi prakawis ing ngajengipun hakim wonten peradilan. 2. Tetembungan ingkang dipunginakaken wonten gayutanipun kaliyan tetembungan wonten ing ukum kadosta peradilan, hakim, saha sanesipun.

Anggenipun nemtokaken jinising basa ukum menika, ingkang dipuntaliti inggih menika ukara ingkang sepisan. Ukara menika tetembunganipun kalebet ing jinis basa ukum ingkang menapa. Wondene ukara kaping kalih minangka panyengkuyungipun anggenipun nemtokaken jinising basa ukum.

D. Cara Ngesahaken Dhata

Cara anggenipun ngesahaken dhata panaliten inggih menika ngginakaken *validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika *validitas semantik*. *Validitas semantik* menika mbiji drajat metodhe menika peka tumrap makna-makna simbolik ingkang relevan ing konteks (Krippendorff, 1993:251). Ateges, panaliti kedah nggayutaken dudutan ing wacana menika kaliyan konteks sakupengipun wacana. Alesan ngginakaken *validitas semantik* amargi panaliti badhe nggayutaken dudutan ing wacana ukum

kaliyan konteks saking wacana ukum menika. Konteks ingkang dipunginakaken inggih menika pawartos *online*.

Wondene *reliabilitas* inggih menika derajat konsistensi ing panaliten, panaliti ngambali malih kanthi obyek ingkang sami kanthi metodhe ingkang sami pramila ngasilaken dhata ingkang sami (Sugiyono, 2015:364). Kanthi mekaten, panaliti ngginakaken *reliabilitas interrater*. *Reliabilitas interrater* adhedhasar pengamatan saha cathetan ingkang ajeg, satemah pamaos ingkang tliti ugi saged mangaribawani keajegan anggenipun manggihaken makna (Endraswara, 2013:165). Alesan ngginakaken *reliabilitas interrater* amargi panaliti kepingin pikantuk dhata ingkang valid saha manggihaken maksud ingkang trep.

Wondene cara anggenipun ngesahaken dhata ngginakaken *triangulasi*. *Triangulasi* inggih menika teknik pamriksa kaabsahan dhata ingkang ngginakaken piranti sanes. *Triangulasi* ingkang dipunginakaken inggih menika *triangulasi penyidik*. Cara menika kanthi nindakaken pirembagan kaliyan panaliti sanes ingkang mirunggan babagan basa saperlu nliti keabsahan dhata (Moleong, 2008:330-331). Wondene validator ingkang nliti keabsahan dhata.

E. Cara Nganalisis Dhata

Cara nganalisis dhata ingkang dipunginakaken inggih menika kanthi metodhe analisis isi Krippendorff. Analisis isi inggih menika satunggaling teknik panaliten kangge ndamel *inferensi-inferensi* ingkang saged dipuntedhak kanthi nggatosaken konteksipun (Krippendorff, 1993:15). Panaliten menika ngginakaken analisis isi Krippendorff amargi teknik menika kangge ndamel dudutan saking wacana ingkang dipungayutaken kaliyan konteksipun (kawontenan sakupengipun


wacana). Ing ngandhap menika kababaraken tuladha anggenipun nganalisis *inferensi* wacana ukum.

“*Tersangka DPT tansaya kathah*”(Mulyana, 2005:62)

Titikan wacana ukum saha kriminalitas inggih menika saged dipuntingali saking pamilihing tembungipun. Tembung ingkang nedahaken wacana ukum inggih menika *tersangka*. Tembung *tersangka* inggih menika tiyang ingkang dipunkengingi status sangkaan tumindak ingkang nerak ukum. Miturut Hadikusuma, tembung *tersangka* menika kalebet ing basa ukum acara kanthi sub bab pidana. Tegesipun inggih menika tembung *tersangka* wonten gayutanipun kaliyan pidana. Tembung *tersangka* menika gadhah teges *diduga, dicurigai, tertuduh, terdakwa* (Tim Redaksi KBBI, 1995:876). Adhedhasar teges saking Kamus Besar Bahasa Indonesia, *tersangka* inggih menika tiyang ingkang dipuntudhuh nindakaken pakaryan ingkang nerak ukum.

Maksud saking ukara ing nginggil inggih menika tiyang ingkang nindakaken penyelewengan tumrap DPT tansaya kathah. Inggang dipunkajengaken DPT inggih menika *Daftar Pemilih Tetap*. Wacana ukum menika dipunsengkuyung dening pawarta saking Jajeli ing detik.com (2016: <https://news.detik.com/berita-jawa-timur/d-3150873/kejari-surabaya-tetapkan-5-tersangka-korupsi-dana-dpt-pilpres-fiktif>) bilih Penyidik Tindak Pidana Korupsi Kejaksaan Negeri Surabaya sampun netepaken *tersangka* gangsal kasus korupsi prabeya percetakan saha distribusi formulir C saha D (DPT) nalika pamilihing Presiden ingkang fiktif ing KPU Jawa Timur. Kepala Kejaksaan Negeri Surabaya Didik Farkhan Alisyahdi ugi negesaken bilih mbok menawi *tersangka* kasus

menika saged tansaya kathah. Kanthi mekaten, maksud saking wacana ukum ing nginggil inggih menika tiyang ingkang nindakaken penyelewengan tumrap prabeya kangge DPT (*Daftar Pemilih Tetap*) wonten ing pamilihing presiden tansaya kathah. Ing ngandhap menika kababaraken alur anggenipun nganalisis dhata:



Gambar 4 Rantaman Metodhe Panaliten